# Ellikqala rayoninda paxta-toqımashılıq klasteri tiykarinda 500 den aslam jańa jumıs orınları jaratıldı

Ellikqala rayonında 10740, 0 gektar jer maydangʻa paxta egilip, 25, 8 mıń tonna paxta ónim alıw múmkinshiligi bar. Búgingi kúnde rayonda jumıs alıp barıp atırgʻan "Bostan klaster" JSHJ paxta - toqımashılıq klasteri negizinde "Bostan mega tekstil" JSHJ, "Bostan optimal tekstil" JSHJ hám "Ellmed" JSHJ lar shólkemlestirilgen.

Image not found or type unknown

"Bostan mega tekstil" JSHJ tárepinen 5000 tonna iyirilgen jip hám

10000 pgm jensi gezlemesin islep shıǵarıw joybarı iske túsirildi. Búgingi kúnde kárxanada 400 jańa jumıs ornı jaratıldı.

Image not found or type unknown

"Bostan optimal tekstil" JSHJ tárepinen usı jılda 73, 4 mlrd sum mug'darindag'i iyirilgen jip, hám súlgi islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw joybarı ámelge asırıldı. Bunıń nátiyjesinde 100 den aslam jumıs ornı jaratıldı hám qosımsha 200 jańa jumıs ornın sho'lkemlestiriw rejelestirilgen.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Estoniyalı investorlar menen sheriklikte "Ellmed" qospa kárxanası shólkemlestirilip ulıwma bahası 2, 5 mln AQSH dollar bolgʻan "medicina binti hám paxta mamıǵın islep shıǵarıw joybarı 2021-jılda iske túsiriliwi rejelestirilgen. Usı joybar negizinde 200 jańa jumıs ornı jaratıladı.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti